



Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia
2023

Sayembara Semut

Penulis : Triwik Damarjati

Ilustrator: Dini Sabrina A



Sayembara Semut

Penulis : **Triwik Damarjati**
Illustrator: **Dini Sabrina A**



**Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia
2023**

Hak cipta pada Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi Republik Indonesia.

Dilindungi Undang-Undang.

Penafian: Buku ini disiapkan oleh pemerintah dalam rangka pemenuhan kebutuhan buku pendidikan yang bermutu, murah, dan merata sesuai dengan amanat dalam UU Nomor 3 Tahun 2017. Buku ini diterjemahkan dan ditelaah oleh berbagai pihak di bawah koordinasi Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi. Buku ini merupakan dokumen hidup yang senantiasa diperbaiki, diperbarui, dan dimutakhirkan sesuai dengan dinamika kebutuhan dan perubahan zaman. Masukan dari berbagai kalangan yang dialamatkan kepada penulis atau melalui posel balaibahasadiy@kemdikbud.go.id diharapkan dapat meningkatkan kualitas buku ini.

SAYEMBARA SEMUT

Penulis : Triwik Damarjati

Ilustrator : Dini Sabrina Awanis

Penerjemah : Triwik Damarjati

Penyunting : Joko Sugiarto

Penata Letak: Hasti Ismalia

Penerbit

Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi

Dikeluarkan oleh

Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta

Jalan I Dewa Nyoman Oka 34, Yogyakarta

<https://balaibahasadiy.kemdikbud.go.id>

Cetakan Pertama, 2023

ISBN 978-623-112-659-7 (PDF)

Isi buku ini menggunakan huruf Andika New Basic

ii, 32 hlm: 21 x 29,7 cm.

Kepala Balai Menyapa

Hai, pembaca yang budiman.

Kami mempersembahkan buku-buku cerita bernuansa lokal Daerah Istimewa Yogyakarta. Pembaca dapat menikmati cerita dan ilustrasi yang menarik di dalamnya.

Buku-buku cerita ini disajikan dalam dua bahasa, yaitu bahasa Jawa dan bahasa Indonesia. Semoga buku ini menumbuhkan minat membaca dan semangat melestarikan bahasa daerah serta menginternasionalkan bahasa Indonesia.

Selamat membaca!

Kepala Balai Bahasa Provinsi DIY

Dwi Pratiwi

Ing wayah esuk, srengenge katon trontong-trontong metu saka omahe. Awun-awun sing tumemplek ing godhong jambu wiwit badhar. Para sato kewan ing Alas Hamemayu padha samekta arep tandang gawe. Ing Alas Hamemayu, katon para sato kewan cancut gumregut golek pangan.

Ing siring kidul, katon celeng nggogos godhong tela. Baya nyaplok menthog. Asu ngoyak truwelu. Pitik-pitik saba alas, nucuki winih-winih. Kebo padha nggayemi suket.

Tikus ngrikiti winih-winih. Singa mangsa kidang. Manuk prenjak padha ngganter mlangkring ing wit pring. Miturut dongeng, yen ana manuk prenjak ngganter, sing duwe omah arep katekan tamu.

Dumadakan saka grumbul-grumbul ana Semut Ireng nembang macapat. "Bapak pocung dhangsul kempel saras unggul. Kungkum toya lukar. Ditus garing diwedhaki. Kagelar yen gempis kaolah mawarna."

Di pagi hari yang cerah terlihat matahari mulai mengintip perlahan keluar dari peraduan. Embun yang menyelimuti daun jambu perlahan mulai menghilang. Para binatang di Hutan Hamemayu dengan sigap bersiap-siap akan berkerja. Di Hutan Hamemayu tampak para hewan bersiaga mencari makan.

Di sebelah selatan hutan terlihat seekor celeng sedang mengunyah daun ketela. Buaya menerkam mentok. Anjing mengejar kelinci. Ayam-ayam di sekitar hutan mencatuk biji-bijian. Kerbau mengunyah rerumputan.

Tikus mengerikiti biji-bijian. Singa memangsa kijang. Burung prenjak berkicau bersahut-sahutan di pohon bambu. Menurut dongeng, jika ada burung prenjak berkicau, pertanda tuan rumah akan kedatangan tamu.

Tiba-tiba dari rimbunan pepohonan ada Semut Ireng menembang macapat. "*Bapak pocung dhangsul kempel saras unggul. Kungkum toya lukar. Ditus garing diwedhaki. Kagelar yen gempis kaolah mawarna.*" "*Bapak pocung kedelai terekat baik untuk kesehatan. Direndam lalu dibersihkan kulit arinya. Setelah ditiris, ditaburi ragi. Kemudian digelar, jika sudah gempis dapat dimasak berbagai masakan'.*

“E ... e ... Mbakyu Kidang, tulungana aku! Wangsulana apa tegese macapat pocungku!” bengoke Semut Ireng. “Welah, Semut Ireng kaya sepur, sanadyan ireng akeh sing ngenteni!” wangsulane Mbakyu Kidang.

“Yu, sungune yen cepling diganti pang garing wae!” kojahe Semut.

“Ora pareng ngece kancane!”

“Lha, sing ndhisiki sapa?”

“He...he...karepku mung geguyon.”

“Padha-padha.”

“Batangane rempeyek margane diwedhaki glepung,” wangsulane Mbakyu Kidang.

“Yen pener, diparingi bebungah!”

“Sadurunge kuwi, coba takona Pakdhe Kebo mbokmenawa ngerti!”

Semut Ireng banjur mlaku tumuju papane Pakdhe Kebo. Tekan kana, dheweke weruh Pakdhe Kebo lagi nggayemi suket. “Ana apa, Mut? Esuk-esuk, kok nggérong?” pitakone Pakdhe Kebo.

“Pakdhe, apa batangane cangkriman iki?” wangsulane Semut Ireng.

“E ... e ... Mbakyu Kidang, tolonglah aku! Tebaklah arti macapat pocungku!” teriak Semut Ireng. “Woi, Semut Ireng si Hitam bagai kereta api, meskipun hitam banyak yang antre!” jawab Kidang.

“Yu, jika tandukmu lepas, diganti dahan kering!” saran Semut Ireng.

“Tidak boleh mengejek teman!”

“La, siapa yang memulai?”

“He...he... maksudku hanya bercanda.”

“Sama.”

“Berarti rempeyek karena dibedaki tepung,” jawab Mbakyu Kidang.

“Jika benar, dapat hadiah!”

“Coba tanya Pakde Kebo, mungkin tahu!”

Semut Ireng berjalan menuju tempat Pakde Kebo. Di sana dia melihat Pakdhe Kebo sedang memamah rumput. “Ada apa, Mut? Masih pagi sudah nggérong?” tanya Pakde Kebo.

“Pakde, apa jawaban teka-teki ini?” Jawab Semut ireng.



Semut Ireng nembang macapat pocung. Sawise nembang, Semut Ireng crita ngenani sudaning kasarasan. Rakyat semut ireng nalika nyambut gawe kurang greget. Kosok balene karo unggule kasarasan rakyat semut geni.

Ratu Semut Geni mbiyantu sarana mbatang cangkriman. Nalika krungu carita kasebut, Kebo nuturi Semut Ireng supaya takon marang Kyai Macan.

“ Kanoman minangka tetunggule kanggo ndhepani ibu pertiwi!” bengoke Pakdhe Kebo.

“Inggih, Pakdhe.” Semaure Semut Ireng.

“Amarga cangkrimanmu angel dibadhek, jajal takon Kyai Macan!” ngendikane Pakdhe Kebo. “Jebule blong... mbuwang wektuku wae!” gemremenge Semut Ireng. “Cah enom kok wegah rekasa. Menawa ora kasembadan, banjur gemremeng!” pitutur Pakdhe Kebo.

“Maklum, Pakdhe mung sugih okol!” pangece Semut Ireng.

“Semboyanku bares beres jujur mujur! Paling mujur urip jujur!” pitutur Pakdhe Kebo.

Semut Ireng nembang macapat pocung. Setelah nembang, Semut Ireng bercerita tentang menurunnya kesehatan. Rakyat semut ireng ketika bekerja kurang semangat. Sebaliknya, kualitas kesehatan rakyat semut geni meningkat. Ratu Semut Geni membantu memberikan rahasia kekuatan melalui teka-teki. Ketika mendengar cerita tersebut, Pakde Kebo menasihati Semut Ireng agar bertanya kepada Kyai Macan.

“Pemuda garda terdepan ibu pertiwi!” seru Pakde Kebo.

“Iya, Pakde,” jawab Semut Ireng. “Karena teka-tekimu sulit ditebak, coba tanya Kyai Macan!” kata Pakde Kebo.

“Ternyata blong... membuang waktuku saja!” gerutu Semut Ireng.

“Anak muda, kok, malas berjuang. Jika keinginan gagal, langsung marah!” nasihat Pakde Kebo.

“Maklumlah, Pakde hanya punya otot!” ejek Semut Ireng.

“Semboyanku bares beres jujur mujur! Paling mujur hidup jujur!” nasihat Pakde Kebo.

“Inggih, Pakdhe. Kula pamit!”
semaure Semut Ireng.

“Bagus, basa krama alus karo
wong tuwa! Elok, anakku pancer
pinter,” ngendikane Pakdhe Kebo.

“ Matur nuwun, muga-muga
pinterku nular dhateng Pakdhe.”
Semut Ireng sajak ngece Pakdhe
Kebo.

“Wow, cengengesan!”

“He...he...he, guyon Pakdhe!”

Esuk kang sumilak iki, katon
Semut Ireng mertamu ing omahe
Kyai Macan. Sawise Semut Ireng
crita ngenani sayembara, Macan
mbatang wangsulan teka-teki
yaiku lemper. Awit pituture Kyai
Macan, Semut Ireng banjur
merdhayoh neng papane Pak
Baya.

“Inggih, Pakde. Saya pamit!”
jawab Semut Ireng

“Bagus, berbahasa *krama alus*
pada orang tua! Elok, anakku
memang pandai,” kata Pakdhe
Kebo.

“Terima kasih, semoga
kepintaranku menular kepada
Pakde.” Semut Ireng seolah-olah
mengejek Pakdhe Kebo.

“Wow, cengengesan!”

“He...he...he, bercanda Pakde!”

Pada pagi yang cerah itu, Semut
Ireng tampak berkunjung ke
rumah Kyai Macan. Setelah
Semut Ireng bercerita tentang
sayembara, Kyai Macan menebak
jawaban teka-teki, yaitu lemper.
Atas saran Kyai Macan, Semut
Ireng berkunjung ke tempat Pak
Baya.

Semut Ireng nerusake lakune tumuju Kali Opak. Nalika ketemu para sato kewan, Semut Ireng takon werdi cangkriman, nanging durung kasil.

Ing pinggiring Kali Opak, katon Baya lagi kungkum. Keprungu swarane Semut Ireng cemengkling ngundang Pak Baya.

“Pak Baya tulunganaku!” bengoke Semut Ireng.

“Semut Ireng, kadingaren dolan kali? Biyasane wedi kecipratan banyu.”

Wangsulane Baya.

“Kepepet, Pak Baya, amarga ana prelu!”

“Cah enom srawung dulur, kok, yen butuh thok!”

“Ngapunten, Pak Baya!”

“Kudu becik srawunge yen ana bot repot akeh sing nyingga!”

“Padha wae pamrih, Pak Baya!”

“Karepku ora mung seneng ngrepoti, nanging uga enthengan!”

“Sarujuk!” celathune Semut Ireng.

“Mut, ana gawe apa?” takon Pak Baya.

“Sedyaku mbiyantu Bu Ratu mbabar cangkriman.”

“Mbiyantu?”

Semut Ireng meneruskan perjalanan menuju Sungai Opak. Saat bertemu hewan lain, dia bertanya tentang jawaban teka-teki, tetapi belum berhasil. Di tepi Sungai Opak, terlihat Pak Baya sedang berendam. Kemudian, Semut Ireng memanggil Pak Baya dengan suara nyaring.

“Pak Baya, tolonglah aku!” teriak Semut Ireng.

“Semut Ireng, tumben main ke sungai? Biasanya takut tepercik air?”

“Terpaksa, Pak Baya, karena ada kepentingan!”

“Anak muda, kok, menemui sahabat jika ada maunya!”

“Maaf, Pak Baya!”

“Pandailah bergaul, jika kamu memerlukan bantuan, banyak yang menolong!”

“Itu pamrih, Pak Baya!”

“Maksudku tidak hanya minta dibantu, tetapi juga siap membantu!”

“Setuju!” jawab Semut Ireng.

“Ada masalah apa, Mut?” tanya Pak Baya.

“Tujuanku sebenarnya untuk membantu Bu Ratu menjawab teka-teki.”

“Membantu?”

Banjur Semut Ireng nembang macapat. "Bapak pocung dhangsul kempel saras unggul. Kungkum toya lukar. Ditus garing diwedhaki. Kagelar yen gempi kaolah mawarna."

"Rengginan!" wangsulane Pak Baya.

"Iya, matur nuwun mengko tak aturke Bu Ratu."

"Iya, aja lali sesuk mampir maneh, dakajari nglangi!"

"Oh, aku pamit, wedi...!"

"He...he...," guyune Pak Baya.

"Malah ngguyu!" bengoke Semut Ireng.

"Nanging aku durung yakin, Mut? Jajal takon Bu Pitik!"

"Iya, matur nuwun."

Panasing srengenge krasa semlenget. Para sato kewan padha ngiyup ing papan kang lindhuk. Dene, Semut Ireng lumaku pener ngidul ngupadi papan panggonane Bu Pitik. Saka kaduhan katon Bu Pitik petrek-petrek kelangan kuthuk.

Selanjutnya, Semut Ireng menembang macapat. "Bapak pocung dhangsul kempel saras unggul. Kungkum toya lukar. Ditus garing diwedhaki. Kagelar yen gempi kaolah mawarna."

"Rengginan!" jawab Pak Baya.

"Baiklah, terima kasih nanti kulaporkan Bu Ratu."

"Iya, jangan lupa besok mampir lagi, kuajari menyelam!"

"Oh aku pamit, takut...!"

"He...he...," Pak Baya terkekeh.

"Malah tertawa!" sahut Semut.

"Namun, aku belum yakin, Mut? Coba kau tanya Bu Pitik!"

"Iya, terima kasih!"

Panas matahari terasa menyengat. Para binatang berlindung di tempat teduh. Sementara itu, Semut Ireng berjalan ke selatan untuk mencari tempat tinggal ayam. Dari kejauhan terlihat kepanikan Bu Pitik kehilangan anak.



“Petok-petok! Kuthukku ilang!”
sambate Bu Pitik.

“Lha, anakmu saba ngendi? Kok,
ilang?” takon Semut Ireng.

“Mau aku ngganyik jagongan karo
Pak Jago nganti ora weruh anakku
ilang!”

“Lah, dolane ngendi, kok,
kesasar?”

“Takona anakku! Aja takon aku!”

“Wis tenangna pikirmu!”

“Petok-petok, petok-petok!”

“Bu Pitik, tinimbang mumet,
melua sayembaraku!”

“Ora bisa mikir lagi judheg
kelangan anak! Ayo rewangi aku!”

“Njaluk tulung, malah dijaluki
tulung!”

“Wow, bocah enom kudu
tanggap!”

“Yen mangkono, ayo dakrewangi
ngupadi anakmu!”

“Nduweni welas asih! Seneng
tetulung!”

“Petok-petok! Anakku hilang!”
teriak Bu Pitik.

“La, anakmu pergi ke mana? Kok,
hilang?” tanya Semut Ireng.

“Tadi aku asyik bercengkerama
dengan Pak Jago sampai tidak
sadar kalau anakku hilang!”

“La, bermain ke mana, kok,
sampai kesasar?”

“Tanyakan pada anakku! Jangan
tanya aku!”

“Sudah, tenangkan pikirmu!”

“Petok-petok, petok-petok!”

“Bu Pitik, daripada pusing, ikutlah
sayembaraku!”

“Tidak bisa berpikir. Aku sedang
pusing kehilangan anak! Ayo
bantu aku!”

“Minta tolong malah dimintai
tolong!”

“Wow, anak muda harus peka!”

“Kalau begitu, ayo kubantu
mencari anakmu!”

“Milikilah belas kasih! Gemar
membantu!”

Semut Ireng lan Bu Pitik mlaku ngubengi Alas Hamemayu ngupadi ilange kuthuk. Katon ana manuk prenjak nangkring ing susuhe.
“Mas Prenjak, tulung rewangana Bu Pitik!” bengoke Semut.
“Iya, Mas Prenjak, kuthukku ilang!”
“Mau Garangan nggondhol kuthuk pener ngetan!” wangsulane Prenjak.
“Oh, ngerti! Ing kana ana barongan runggut kebak wit pring!” bengoke Semut.
“Matur nuwun, Mas Prenjak!”
“Iya, ati-ati!”
Ing barongan runggut memper gua, Semut Ireng madik-madik ngupadi kuthuk. Ing jero barongan, katon kuthuk loro lagi turu. Jebul kuthuk kasebut klenger. Kuthuk kekeselen sawise mlaku adoh bareng Garangan. Nalika Bu Pitik nulungi kuthuke, dumadakan Garangan njedhul saka njero gua.

Semut Ireng dan Bu Pitik berjalan mengelilingi Hutan Hamemayu untuk mencari keberadaan *kuthuk*. Terlihat ada burung prenjak bertengger di sarang.
“Mas Prenjak, tolong bantu Bu Pitik!” teriak Semut Ireng.
“Iya, Mas Prenjak, anakku hilang.”
“Tadi Garangan si Musang menggondol anak ayam ke arah timur!” jawab Mas Prenjak.
“Oh, aku lihat! Di sana ada rumpun bambu yang rimbun!” teriak Semut Ireng.
“Terima kasih, Mas Prenjak!”
“Iya, hati-hati!”
Di rumpun bambu rimbun mirip gua, Semut Ireng mencari tahu keberadaan kuthuk. Di dalam barongan, terlihat dua ekor kuthuk sedang tidur. Ternyata kuthuk tersebut pingsan. Mereka lelah setelah berjalan jauh bersama Garangan. Ketika Bu Pitik mendekati anaknya, tiba-tiba Garangan muncul dari dalam gua.

Bu Pitik ngamuk sinambi nladhung sarosane mripate Garangan. Amarga kamigirapen, Garangan mlayu banter sipat kuping. Sawise kuthuk padha saras, banjur Bu Pitik sakuthuke mulih ing pranjen. “Mut, matur nuwun wus mbantu.” “Padha-padha.” “Anak-anakku jebul diapusi Garangan.” “Diapusi apa?” “Padha wadul jarene si Garangan arep ngajari kluruk!” “Ana-ana wae, si Garangan iku!” “Lha, kuthuk swarane ‘piyek... piyek... piyek...’! Ora kukuruyuk!” “Pancen, Garangan pantes menawa ditladhung, Bu Pitik!” “Jenenge ngundhuh wohing pakarti!” “Sapa salah seleh!” pitutur Semut Ireng. “Oh iya, aku janji mbales budimu!”

Bu Pitik mengamuk sambil menerjang mata Garangan dengan sekuat tenaga. Karena ketakutan, Garangan lari tunggang langgang. Setelah *kuthuk-kuthuk* sadar, mereka kembali ke kandang. “Mut, terima kasih sudah membantuku.” “Sama-sama.” “Anak-anakku ternyata dibohongi Garangan.” “Dibohongi tentang apa?” “Mereka mengadu, katanya Garangan akan mengajari mereka berkокok!” “Ada-ada saja, si Garangan itu!” “La, suara anak ayam ‘piyek... piyek... piyek...’, bukan kukuruyuk!” “Sungguh, Garangan pantas jika dihajar, Bu Pitik!” “Itu namanya menuai hasil perbuatannya!” “Siapa yang salah akan kalah!” nasihat Semut Ireng. “Oh, iya, aku berjanji membalas budimu!”



“Ngene Bu Pitik, apa tegese teka-teki iki?”

Bu Pitik mangsuli sawise Semut Ireng nembang macapat pocung.

“Bongko, amarga dhelene ngempel!” Wangsulane Bu Pitik.

“Oh iya, matur nuwun mengko daklapur Bu Ratu!”

“Nanging aku isih durung yakin?”

“Takona Pak Celeng! Sapa ngerti bisa njarwakake isi cangkriman?”

“Matur nuwun, nyuwun donga muga-muga lancar!”

“Donga-dinonga. Muga-muga kabul kajate.”

“Sadurunge lunga, iki ana sacuwil tala kang gogrok saka wit klengkeng.”

“Wah, enak iki!”

“Ngrikiti sisa madu!”

“Begini, Bu Pitik. Apa makna teka-teki ini?”

Bu Pitik menjawab setelah Semut Ireng menembang macapat Pocung.

“Bongko, karena kedelai terekat menyatu!” jawab Bu Pitik.

“Oh, iya, terima kasih. Nanti saya lapor Bu Ratu!”

“Tetapi, aku masih belum yakin.”

“Tanyakan Pak Celeng! Siapa tahu bisa menebak isi teka-teki mu?”

“Terima kasih. Mohon doa semoga lancar!”

“Saling mendoakan! Semoga terkabul!”

“Sebelum pergi! Ini ada sepotong tala yang terjatuh dari pohon klengkeng.”

“Wah, ini enak!”

“Mengerikiti sisa madu!”

Semut Ireng banjur nerusake laku
tumuju sudhung Pak Celeng.
Pak Celeng krungu andharan
Semut Ireng, nuli dheweke
mbatang cangkriman yaiku
ampyang. Banjur, Pak Celeng
mrayogakake Semut supaya takon
werdi cangkriman marang Mas
Kancil.

Selanjutnya, Semut Ireng
melanjutkan perjalanan menuju
sudhung, rumah Pak Celeng. Pak
Celeng mendengarkan penjelasan
Semut Ireng, kemudian menebak
jawaban teka-teki, yaitu ampyang.
Selanjutnya, Pak Celeng
menyarankan Semut Ireng untuk
bertanya kepada Mas Kancil.

“Aku pamit, Pak Celeng?”
“Sadurunge mulih, jajal takon Mas Kancil!” prentahe Pak Celeng.
Ing wayah sore, Semut lumaku ngalor pinuju esong landhak kang kanggo ndhelik Kancil.
Amarga kemeselen, Semut Ireng leren ing sangisoring wit jambu dersana. Semut Ireng ngeyub sinambi mikirake sabab-musababe para semut ireng lungkrah loyo.
Rakyat semut ireng padha ringkih kurang greget nalika nyambut gawe. Kosok balene, rakyat semut geni padha gumregut lan pethel tandang gawe.
Kedadegan iki kawiwitan nalika sepuluh wong manggon ing omah dhinas. Omah Dinas Kehutanan kang cumondhok ing pinggiring Alas Hamemayu. Gedebug. Semut Ireng kaget nalika ketiban jambu dersana.

“Aku pamit, Pak Celeng?”
“Sebelum pulang, coba tanya Mas Kancil!” saran Pak Celeng.
Pada waktu sore, Semut Ireng berjalan ke utara menuju esong, rumah landak, tempat kancil bersembunyi. Karena lelah, Semut Ireng beristirahat di bawah pohon jambu dersana.
Semut Ireng berteduh sambil memikirkan penyebab para semut ireng loyo.
Semut Ireng lemah kurang bertenaga saat bekerja.
Sebaliknya, rakyat ratu semut geni bersemangat dan giat bekerja.
Kejadian ini dimulai ketika sepuluh orang menempati sebuah rumah dinas. Rumah Dinas Kehutanan yang dibangun di pinggir Hutan Hamemayu.
Gedubrak. Semut Ireng terperanjat karena kejatuhan jambu dersana.

“Hei! Semut! isih enom, kok, nglamun?” bengoke Mas Kancil sinambi mangan jambu.

“Aha, Mas Kancil, ya!” bengoke Semut Ireng.

“Geneya, kok, nglamun?”

“Kowe ora nyawang aku lagi ngaso. Sedina aku muter-muter jagat!”

“Eh, Semut gelem ora dakwenehi gaweyan?”

“Kowe ora ngerti! Aku mundhi jejibahan wigati saka Ibu Ratu!”

“Oh iya, ateges awake dhewe padha!”

“Wow, jejibahan wigati apa?”

“Taman woh-wohan ing omah dhinas iku dijaga Asu Galak!”

“Hai! Semut! Masih muda, kok, melamun?” teriak Mas Kancil sambil makan jambu.

“Aha, Mas Kancil, ya!” teriak Semut Ireng.

“Kenapa, kok, melamun?”

“Kamu tidak lihat aku sedang istirahat? Seharian aku berkeliling jagat!”

“Eh, Semut Ireng mau tidak kuberi pekerjaan?”

“Kamu tidak tahu? Aku punya tugas penting dari Ibu Ratu!”

“Oh iya, berarti kita sama!”

“Wow, tugas penting apa gerangan?”

“Taman buah di rumah dinas itu dijaga Asu Galak!”



- “Banjur tugasku apa?”
- “Mrene dakajani! Tulung tundhungan Asu Galak iku!”
- “Semut diadu karo Asu Galak?”
- “Dinggo akalmu! Dudu okolmu!”
- “Nanging aja ngongkon aku nyolong, ya!”
- “Ora, nyolong! Aku rajane ngapusi wae saiki wis tobat!”
- “Tenane, Mas? Sokur menawa wis tobat!”
- “Gawenen kapok Asu Galak iku supaya ora sawiyah-wiyah!”
- “Apa salahe Asu Galak iku?”
- “Gara-gara Asu Galak iku, Kang Kancil mulih sikile pincang!”
- “Dicathek Asu Galak?”
- “Iya, mulane aku arep males ukum!”
- “Wis ngerti kebon iku duweke manungsa, kok isih pengin ngrayah?”
- “Kang Kancil nganggep kabehing woh iku kagungane Sang Kwasa.”
- “O, mangkono?”
- “Lantas tugasku apa?”
- “Sini kubisiki! Tolong usir Asu Galak itu!”
- “Semut diadu dengan Asu Galak?”
- “Pakai akalmu! Bukan fisikmu!”
- “Tapi jangan menyuruhku mencuri, ya!”
- “ Tidak mencuri! Aku raja tipu sekarang sudah tobat!”
- “Benarkah, Mas? Syukurlah jika sudah bertobat!”
- “Beri pelajaran Asu Galak itu supaya tidak sewenang- wenang!”
- “Salah apa Asu Galak itu?”
- “Gara-gara Asu Galak itu, Kang Kancil pulang kakinya pincang!”
- “Digit Asu Galak?”
- “Iya, Oleh karena itu, aku ingin menghukumnya!”
- “Sudah tahu kebun itu milik manusia, kok, masih ingin menjarah?”
- “Kang Kancil menganggap semua buah itu milik Sang Kuasa.”
- “O, begitu?”

“Mulane, ngrewangi aku, ya, Mut?”
glembuk Kancil.

“Carane?”

“Kerit wadyabala semut! Giring
wadyabala kabeh kanggo ngithik-
ithik kupinge!”

“Banjur?”

“Supaya Asu Galak iku age-age
lunga!”

Banjur Semut Ireng ngundang
wadyabala kanggo nundhung Asu
Galak. Semut Ireng ora ngira
menawa dheweke dipaeka.

Ancase Mas Kancil mung pengin
nyolong who-wohan. Semut Ireng
didadekake tumbal. Dumadakan
krungu swara bengoke Mas Kancil.
Jebul Mas Kancil kacemplung
walat krangkeng wesi. Dina iki,
Mas Kancil lagi nemoni apes. Niat
ingsun pengin mangwhowoh-
wohan, jebul kecemplung wuwu.

“Oleh karena itu, bantu aku, ya,
Mut?” bujuk Mas Kancil.

“Caranya?”

“Datangkan pasukan semut! Giring
mereka untuk menggelitik telinga
Asu Galak!”

“Lalu?”

“Supaya Asu Galak itu segera
pergi!”

Kemudian Semut Ireng
mengundang semua pasukannya
untuk menyerang Asu Galak.
Semut Ireng tidak mengira jika dia
diperdaya.

Tujuan Mas Kancil hanya ingin
mencuri buah-buahan sedangkan
Semut Ireng dijadikan tumbal.
Tiba-tiba terdengar suara jeritan
Mas Kancil. Ternyata Mas Kancil
terperangkap di jebakan kurungan
besi. Hari ini Mas Kancil sedang
sial. Maksud hati ingin makan
buah-buahan ternyata masuk
jebakan.



“Mas Kancil! Kok, bisa mlebu kurungan?”

“Amarga penasaran, aku malah apes!”

“Iku nyolong! Dudu penasaran!”

“Aku mung gresek gogrokan woh!”

“Jarene wis tobat?”

“Aku wis tobat! Iki mung njumpuk sathithik, kok!”

“Tobat kudu sing tenanan!”

“Aku wis kapok! Tulung dibiyantu maneh!”

“Carane?”

“Mlebu omah, banjur kerit wadyabalamu nyurung kunci mrene!”

“Yen kasil?”

“Aja sumelang! Mengko aku mesthi mbales budi!”

“Mas Kancil! Kok, bisa masuk kurungan?”

“Karena penasaran, aku malah sial!”

“Itu mencuri, bukan penasaran!”

“Aku hanya mencicipi buah yang berserakan saja!”

“Katanya sudah tobat?”

“Aku sudah tobat! Ini hanya memungut sedikit, kok!”

“Tobat harus sungguh-sungguh!”

“Aku sudah jera! Tolong bantu lagi!”

“Caranya?”

“Masuklah ke dalam rumah, kemudian perintahkan pasukanmu mendorong kunci ke sini!”

“Jika berhasil?”

“Jangan khawatir! Nanti aku pasti balas budi!”

Wadyabala semut mlebu ing selaning lawang. Wektu iku, katon wong lanang loro lagi pacelathon ngenani cara nggawe tempe. Isining pacelathon yaiku urut-urutan nggawe tempe. Sepisan, kedhele dikum banyu sawengi. Sawise iku, dibilas dikenalcepi kulit arine.

Menawa wis resik, kedhele dikum banyu maneh suwene rong jam minangka pengasaman. Banjur kedhele digodhog lawase sajam. Sawise adhem, kedhele trus ditus. Banjur kedhele dicampur ragi kanthi takaran sakilo kedhele sasendhok ragi.

Banjur kedhele diwungkus godhong utawa plastik. Menawa dibungkus plastik, plastike kudu dicocohi sathithik. Kurang luwih rong dina, bungusan kedhele digelar lan ditata ing rak dawa. Miturut pawongan loro kuwi, kandhutan gisi tempe saimbang karo daging. Tempe minangka penyelamat gizi masyarakat.

Pasukan semut masuk melalui celah pintu, Pada waktu itu terlihat dua orang pria sedang berbincang tentang proses pembuatan tempe. Langkah pertama, kedelai direndam air semalam. Setelah itu, dibilas dan dibersihkan kulit arinya. Jika sudah bersih, kedelai direndam air lagi selama dua jam sebagai pengasaman. Selanjutnya, kedelai direbus selama satu jam. Setelah dingin, kedelai ditiriskan. Kemudian, kedelai dicampur ragi dengan takarannya sesendok ragi untuk satu kilo kedelai.

Kemudian, kedelai dibungkus daun atau plastik. Jika dibungkus plastik, plastik harus dilubangi. Kurang lebih dua hari, bungusan kedelai diangin-anginkan dan ditata di rak panjang. Kata mereka, kandungan gizi tempe setara dengan daging. Tempe menjadi penyelamat gizi masyarakat.

Semut Ireng ngrungokake pacelathon wong loro iku kanthi premati. Banjur Semut Ireng ngubengi omah kasebut. Tanpa kanyana, jebul akeh semut geni kang ngombe banyu leri kedhele. Ing lincak, uga ana saperangan semut geni ngrikiti tempe.

Semut Ireng mendengarkan percakapan kedua orang itu dengan seksama. Kemudian, Semut Ireng mengitari rumah tersebut. Tanpa disangka banyak semut geni yang meminum air bekas rebusan tempe. Di lincak juga ada beberapa semut geni mengerikiti tempe.





Sawetara Mas Kancil nyawang sindik kurungan durung patia nutup. Dheweke ngupaya ngogrek-ogrek nganti sindik ucul. Mas Kancil banjur mlayu ninggalake Semut Ireng kang isih mbudidaya ngupadi kunci krangkeng. Mas Kancil milih nylametake awake dhewe. Dheweke ora preduli karo nasibe Semut Ireng.

Ora nyana, playune Mas Kancil konangan Asu Galak. Asu Galak banjur ngoyak lan nyathek. Ndilalahe Mas Kancil ketemu Pak Celeng, satemah Asu Galak mlayu ninggalake Kancil.

Saat itu Mas Kancil memandang kait kurungan belum begitu menutup. Dia berusaha menggoyangnya hingga terlepas. Kemudian, Mas Kancil berlari meninggalkan Semut Ireng yang masih mencari kunci kurungan. Mas Kancil memilih menyelamatkan diri sendiri. Dia tidak peduli dengan nasib Semut Ireng.

Tak disangka usaha Mas Kancil ketahuan Asu Galak. Kemudian, Asu Galak mengejar dan menerkamnya. Untung, Mas Kancil bertemu Pak Celeng sehingga Asu Galak balik kanan karena ketakutan.

Pendhak esuke, Semut Ireng nagih janji marang Mas Kancil. Katon Mas Kancil leren. Sikile abuh dicathek Asu Galak. Mas Kancil njaluk ngapura amarga wis tegel ninggalake Semut Ireng tanpa pamit.

“Apuranen aku, ya, Mut!”

“Aku ngerti!”

“Ngundhuh wohing pakarti!”

“Mulane aja pokil!”

“Iya.”

“Kuwi jenenge ora setia!”

“Nanging pikolehe, aku ngerti larah-larahe semut geni iku bergas saras.”

“Aku wus suwe ngerti semut geni saben dina saba mrana.” ujare Kancil.

“Dadi, wangsulan teka-teki?”

“Iya! aku jajal mangsuli!”

Esok paginya, Semut Ireng menagih janji kepada Mas Kancil. Mas Kancil terlihat sedang beristirahat. Kakinya bengkak akibat digigit Asu Galak. Mas Kancil minta maaf karena tega meninggalkan Semut Ireng tanpa pamit.

“Maafkan aku ya, Mut!”

“Aku paham!”

“Lihatlah, ini karmaku!”

“Makanya, jangan curang!”

“Iya.”


“Itu namanya tidak setia kawan!”

“Namun, hikmahnya aku sekarang mengetahui penyebab Semut Geni itu sehat cekatan.”

“Aku sudah lama tahu Semut Geni setiap hari berkunjung ke sana,” kata Kancil.

“Jadi, jawaban teka-teki?”

“Iya! Aku coba menjawab!”



Semut Ireng banjur nembang macapat. "Bapak pocung dhangsul kempel saras unggul. Kungkum toya lukar. Ditus garing diwedhaki. Kagelar yen gempis kaolah mawarna."

"Aku mangsuli. Bebungahe apa?"

"Iya! Dibadhek dhisik wangsulane!"

"Dhangsul kempel saras unggul tegese kedhele dirageni migunani kanggo kasarasan."

"Banjur?"

"Dikum banyu sawengi, banjur dikelcepi kulite!"

"Sawise adhem diuwuri ragi."

"Banjur?"

"Dibungkus, banjur digelar."

"Banjur?"

"Yen wis kempel, dimasak."

"Pancen! Paling pinter kancaku, Mas Kancil, iki!"

"Endi bebungahe?"

"Lha, jenenge apa panganan kang nyebabake semut geni sehat lan kuwat?"

"Arane lentho."

"Luput!"

"Lah?"

Kemudian, Semut Ireng menembang macapat. "Bapak pocung dhangsul kempel saras unggul. Kungkum toya lukar. Ditus garing diwedhaki. Kagelar yen gempis kaolah mawarna."

"Aku dapat menebak! Hadiahnya apa?"

"Iya! Ditebak dulu jawabannya?"

"Dhangsul kempel saras unggul artinya kedelai difermentasi berguna untuk kesehatan."

"Lalu?"

"Direndam air semalam, kemudian dibersihkan kulitnya!"

"Setelah masak, ditaburi ragi."

"Lalu?"

"Dibungkus, kemudian digelar."

"Lalu?"

"Jika sudah menyatu, kemudian dimasak."

"Sungguh! Paling pandai temanku, Mas Kancil, ini!"

"Manakah hadiahnya?"

"Lah, apa nama makanan yang menyebabkan semut geni sehat dan kuat?"

"Namanya lento."

"Salah!"

"Lantas?"

“Ayo mertamu neng omahe manungsa maneh!”

“Wegah!”

“Ora susah wedi! Anggere ora mlayu marga nyolong, ora dioyak Asu Galak.”

“Jenenge apa?”

“Tegese wurung, lho. Bebungahe Bu Ratu aku sing ngepek!”

“Iya, Semut.”

“Jenenge tempe.”

“Oh iya, Semut tulung jupukna lenga boreh ing esong kae!”

“Iya!”

“Semut ngaso ing esong kene dhisik!” Mas Kancil celathu sinambi ngunci lawang.

“Ayo! Bertamu ke rumah manusia lagi!”

“Tidak mau!”

“Maafkan aku ya, Mut!”

“Tidak usah takut! Jika tidak lari karena ketahuan mencuri, tidak akan dikejar Asu Galak!”

“Namanya apa?”

“Tebakannya batal, lo! Hadiyah Bu Ratu aku yang berhak milikinya!”

“Iya, Mut!”

“Namanya, tempe!”

“Oh, iya! Semut Ireng tolong ambilkan minyak urut di esong sana!”

“Semut istirahat di esong sini!”
Mas kancil berkata sambil mengunci pintu.



Mas Kancil tumindak pokil amarga wis tega ngunci Semut Ireng ing kamar. Mas Kancil ngapusi Semut Ireng amarga rumangsa sing paling pener mbatang sayembara. Mas Kancil ngalap nampa bebungah sayembara. Sajatine kang kasil mbatang sayembara si Semut Ireng. Mas Kancil ngaku-ngaku menawa dheweke juwara sayembara kasebut. Ibu Ratu gumun nalika krungu si Kancil ngandharake mupangat tempe kanggo kasarasan. Ibu Ratu maringi bebungah marang si Kancil amarga kasil mbatang cangkriman. Nalika bebungah dibukak, jebul isine Semut Ireng. Praupane Mas Kancil katon kuciwa amarga bebungahe jebule si Semut kancane dhewe. Kancil pancen kondhang tukang apus-apus satemah antuk ganjaran piwales. Semut Ireng wis apal watek Kancil, yaiku pokil lan srakah. Satemah para semut masang walat ing pangajab si Kancil kapok tumindak culika. Mas Kancil kapatrap ukuman yaiku nggawe tempe ing kraton semut suwene pitung sasi.

Mas Kancil bertindak curang dengan mengunci Semut Ireng di kamar. Mas Kancil menipu Semut Ireng karena merasa paling benar menebak sayembara. Mas Kancil berambisi mendapatkan hadiah sayembara. Sesungguhnya, yang berhasil menebak sayembara si Semut. Mas Kancil merasa jika dia adalah pemenang sayembara tersebut. Ibu Ratu takjub saat mendengar Mas Kancil menjelaskan manfaat tempe bagi kesehatan. Ibu Ratu memberi hadiah kepada si Kancil karena dapat menebak jawaban teka-teki. Ketika hadiah dibuka, ternyata isinya Semut Ireng. Wajah Mas Kancil terlihat kecewa karena hadiahnya adalah si Semut Ireng temannya sendiri. Mas Kancil memang terkenal tukang tipu sehingga mendapatkan balasan. Semut Ireng sudah hafal watak Mas Kancil, yaitu licik dan serakah. Dengan demikian, para semut ireng memasang jebakan supaya si Kancil jera berbuat curang. Mas Kancil diberi hukuman, yaitu membuat tempe di kerajaan semut ireng selama tujuh bulan.



Biodata

Penulis dan Penerjemah

Perjalanan menuliskan keindahan sastra bagi akun IG@triwikjawa merupakan setitik percikan kesejukan di relung inspirasi mendulang karya.Curahan berbagai perasaan teruntai dalam karya puisi, cerita anak, cerita pendek, serat beraksara Jawa dan artikel berbahasa Jawa. Penggiat sastra diawali dari bangku Fakultas Sastra Jawa sampai sekarang menjadi seorang pendidik.Karena sastra adalah jiwanya.

Ilustrator

Halo! Saya Sabrina Awanis biasa dipanggil Sabrina, saya adalah seorang ilustrator freelance dan perancang karakter yang berbasis di Indonesia. Biasa mengilustrasikan cerita dan membuat konsep karakter . Saat ini, saya membuat ilustrasi untuk berbagai klien, mulai dari desain karakter, ilustrasi wedding, dekorasi ruang, NFT, hingga buku anak-anak dan stiker. Fokus utama saya adalah ilustrasi anak-anak dalam penerbitan, serta desain karakter untuk acara televisi, merek, dan klien individual.

Hubungi saya melalui email dinisabrinaa@gmail.com dan juga intip karya saya pada link berikut https://www.instagram.com/sabrina_awanis/ hit me on dm!

Penyunting

Penyunting naskah ini Joko Sugiarto yang bekerja di Balai Bahasa Provinsi Daerah Istimewa Yogyakarta mulai tahun 2016. Sebelum bertugas di Balai bahasa Provinsi DIY, penyunting mengabdikan diri kepada negara dengan bertugas di Balai Bahasa Banda Aceh mulai tahun 2000 sampai dengan 2004. Pada tahun 2005 penyunting memperkuat tim penyusun bahan ajar bahasa Indonesia bagi penutur asing (BIPA) di Pusat Pembinaan, Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa.

Saat ini penyunting menjadi tenaga kebahasaan yang berkonsentrasi pada pembinaan kebahasaan. Tugas yang diemban meliputi penyuluhan kebahasaan, penyuntingan, dan bantuan tenaga kebahasaan dalam penanganan perkara yang berkaitan dengan penggunaan bahasa.

MILIK NEGARA
TIDAK DIPERDAGANGKAN

Di hutan Hamemayu hidup berbagai jenis binatang, salah satunya semut Ireng. Pagi-pagi Semut Ireng sudah berkeliling hutan untuk bertanya pada hewan-hewan.

Ada Mbakyu Kidang, Pakdhe Kebo, Pak Baya, Bu Pitik, Pak Celeng, dan Mas Kancil. Mau bertanya teka-teki yang di berikan oleh Ibu Ratu Semut. Untuk memenangkan sayembara, apakah Semut Ireng berhasil menjawab teka-teki?

ISBN 978-623-112-659-7 (PDF)



9 786231 126597



**Kementerian Pendidikan, Kebudayaan, Riset, dan Teknologi
Republik Indonesia
2023**